



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE PREZIDAN BIDEN YON DEKLARASYON POU GWO KATASTWÒF POU GARANTI ASISTANS FEDERAL POU KOMINOTE INONDASYON DEVASTATÈ A TE AFEKTE NAN 10 AK 11 JIYÈ**

*Si yo akòde li, deklarasyon an ap bay asistans federal pou Konte Cortland, Essex, Hamilton, Lewis ak St. Lawrence*

*Tònad, van ak inondasyon yo te lakòz domaj nan Rejyon Sant New York ak North Country*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande Prezidan Biden yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf pou sipòte rekiperasyon kontinyèl kominote yo ki te afekte akòz move tan ki te rive nan 10 ak 11 jiyè. Si gouvènman federal la akòde li, deklarasyon sa a t ap bay finansman federal pou Konte Cortland, Essex, Hamilton, Lewis, ak St. Lawrence pou kouvri anlèvman debri, mezi pwoteksyon ijans ak reparasyon nan bilding piblik ak enfrastrikti. New York kontinye travay ak lokalite ki afekte yo pou rasanble domaj ki elijib yo pou evantyèlman sipòte yon demann pou Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) yo pou prè ki gen to enterè ba.

"Eta nou an te temwen yon kantite tònad san parèy, gwo lapli, ak van devastatè nan mwa jiyè ki te lakòz gwo domaj nan tout Sant New York ak North Country," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, m ap mande yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf ki pral debloke plis asistans federal pou sipòte efò kontinyèl nou yo pou ede Nouyòkè yo rekipere pandan kominote yo ap kontinye fè fas ak konsekans evènman metewolojik istorik sa a."

Yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf asire asistans finansye nan men gouvènman federal la, sitou nan Pwogram Asistans Piblik FEMA a, pou bay finansman pou gouvènman lokal yo, tribi yo ak òganizasyon san bi likratif ki kalifye pou retire debri, mezi pwoteksyon, ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti, ki gen ladan wout, pon, dlo ak enstalasyon tretman dlo ize, sit enfrastrikti enpòtan yo, lekòl, pak ak lòt etablisman yo.

Aprè yon katastwòf, Pwogram Biwo Rekiperasyon pou Katastwòf (Office of Disaster Recovery, ODR) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) travay dirèkteman ak tokay yo nan Ajans Federal

Jesyon Ijans lan (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak gouvènman lokal ki afekte yo pou evalye domaj katastwòf la lakòz yo ak depans ki gen rapò ak li yo. Yon fwa evalyasyon sa yo fini, FEMA valide si eta a ak konte ki afekte yo te rive nan limit yo mande pou domaj federal la pou gen yon deklarasyon pou gwo katastwòf.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare,** "Move tan an jiyè a te varye soti nan chalè ekstrèm pase nan van devastatè ak plizyè tònad, rive nan lapli an eksè ak inondasyon ki asosye ak li yo. Anba direksyon Gouvènè Hochul, ajans Eta yo te la pou ede patnè gouvènman lokal nou yo reponn ak kominote ki nan bezwen yo. Ekip nou an angaje pou l travay pou asire moun ki afekte yo kapab jwenn aksè nan finansman federal rekiparasyon yo merite."

Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul te mande ajans Eta yo pou yo prepare resous pou entèvni nan ka ijans epi yo rete an kominikasyon dirèk avèk gouvènman lokal yo pou siveye enpak move tan an epi reponn a demann pou asistans. Apre tanpèt yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jiska 11 milyon dola nan asistans ijans pou pwopriyetè kay ki elijib yo ak minisipalite yo nan sèt konte ki gen yon seri evènman metewolojik ki te afekte yo soti 10 jiyè rive 16 jiyè.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook DHSES, swiv @NYSDHSES sou Twitter ak Instagram, oswa ale sou [dhSES.ny.gov](https://www.dhSES.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)